

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG SARAN

#### 5.1 Kacindekan

Dina prak-prakan UARTP, tétéla aya tilu basa nu digunakeun nya éta basa Indonésia anu karéréanna mah ukur salaku panganteur, tuluy aya ogé basa Sunda anu datana mémang leuwih dominan tur karéréanana basa Sunda téh digunakeun salaku basa sastra, sedengkeun basa Cirebon kasampak datana ngan saeutik tur digunakeun dina kontéks sastra.

Kontéks dipakéna basa Sunda dina UARTP kasampak aya ragam basa sapopoé jeung basa sastra. Bisa dicindekkeun basa sastra téh kusabab réa basa anu dipaké dina wanci ngidung tur réa kekecapan anu murwakanti. Kontéks makéna basa ditilik tina tempat nya éta di pabrik gula Tersana Baru, waktuna isuk-isuk.

Adegan basa anu ngawengku adegan kecap jeung adegan kalimah. Adegan kecap dina prak-prakan UARTP ngawengku kecap salancar, kecap rundayan, kecap rajékan, kecap kantétan, jeung kecap wacahan. Kasampak dina data, karéréanana kecap nu dipaké dina UARTP téh nyaéta kecap salancar, jumlahna aya 208 kecap. Ari kecap rundayan jumlahna aya 121 kecap, kecap rajékan jumlahna 13 kecap, kecap kantétan aya 17 kecap, anu pangsaeutikna nya éta kecap wacahan nya éta 4 kecap. Dina analisis adegan kecap kapanggih pola-pola kecap anu di antarana, pikeun kecap salancar éka engang aya pola (a.1) KV, (a.2) KVK, (a.3) KVKK, (a.4) KVKK, (a.5) KVVK, kecap salancar dwi engang aya pola (b.1) VV, (b.2) KVV, (b.3) VKV, (b.4) VKVK, (b.5) kvkv, (b.6) VKKV, (b.7)KVVK, (b.8)KVKVK, (b.9)vkkv, (b.10)KVKVV, (b.11)KVKKVK, pikeun kecap salancar tri engang aya pola (c.1)VKVKV, (c.2)KVKVV, (c.3)KVVKV, (c.4)VKVKVK, (c.5)KVKVKV, (c.6)KVKVVK, (c.7)KVKKVV, (c.8)KVKVKVK, (c.9)KVKKVKV, (c.10)KVKVKKV, (c.11)KVKVKKVK, (c.12)KVKKVKVK, (c.13)KVKKVKVK, (c.14)KKVKVKKV, pikeun kecap salancar catur engang aya pola (d.1)VKVKVKV, (d.2)KVKVKVV,

Nida Kania Dewi , 2013

Ragam jeung adegan basa dina upacara adat ritus tiwu panganten di kecamatan babakan kab.cimahi

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

(d.3)KVKVKVKV,(d.4)KVKVVKKV. Ari pola-pola nu kapanggih dina kecap rundayan nya éta pikeun kecap rundayan dirarangkénan rarangkén hareup nya éta pola (a.1) di- + KA, (a.2) ka- + KA, (a.3) N- + KA, (a.4) mang- + KA, (a.5) nga- + KA, (a.6) pang- + KA, (a.7) pa- + KA, (a.8) pi- + KA, (a.9) sa- + KA, ari pola nu aya dina kecap rundayan dirarangkénan rarangkén tengah nya éta (b.1) -ar- + KA, (b.2) -in- + KA, (b.3) -um- + KA, pikeun pola kecap rundayan dirarangkénan rarangkén tengah nya éta (c.1) -an + KA, (c.2) -keun + KA, (c.3) -keun + KA, (c.4) -na + KA, pikeun kecap rundayan dirarangkénan rarangkén barung nya éta (d.1) ka- + KA + -an, (d.2) pa- + KA + -an, (d.3) sa- + KA + -an, pikeun kecap rundayan dirarangkénan bareng nya éta (e.1) di- + KA + -an, (e.2) di- + KA + -na, (e.3) ka- + KA + -an, (e.4) ka- + KA + -an, (e.5) nga- + KA + -keun, (e.6) nga- + -am- + KA, (e.7) nga- + KA -an, (e.8) nga- + KA + -na, (e.9) N- + KA + -keun, (e.10) N- + KA + -an, (e.11) pa- + N- + KA + -an, (e.12) pa- + N- + KA + -an, (e.13) sa- + KA + -an + -eun. Ari pola-pola nu kapanggih dina kecap rajékan nya éta (a.1) KA + Rdm pikeun kecap rajékan dwimurni, (b.1) KA + Rdp pikeun kecap rajékan dwipurwa, (c.1) KA + Rdmy pikeun kecap rajékan dwimadya, (d.1) di- + Rdm, (d.2) nga- + Rdm, (d.3) Rdm + -na, (d.4) Rdp + -an pikeun kecap rajékan dirarangkénan. Ari dina kecap kantétan pola-pola nu kapanggih nya éta pola (a) KK: KB + KB, b: KK: KB + KS, (c) KK: KP + KP, (d) KK: KS + KS, (e) KK: KS + KB, (f) KK: KBil + KBil, (g) KK: KBil + KB, (h) KK: KBil + KS. Ari dina kecap wacahan, kapanggih pola-pola saperti ieu, pola KW: eng1 + eng2 pikeun kecap tingkesan, pola KW: H1 + H1 + H1 pikeun kecap singgetan, pola KW: H1 + Kc pikeun kecap tangkesan. Sedengkeun adegan kalimahna anu ngawengku kalimah konvénsi karéréaanna mah kalimah salancar pola KSal → J-C.

## 5.2 Saran

Ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun mikaweruh ngeunaan karagaman basa di tatar sunda. Samporétna waktu panalungtik dina migawé ieu panalungtikan ogé kawatesanan réferénsi pikeun nalungtik data ngabalukarkeun panalungtikan ieu téh réa pisan kahéngkérana. Sanajan ieu panalungtikan réa Nida Kania Dewi , 2013

Ragam jeung adegan basa dina upacara adat ritus tiwu panganten di kecamatan babakan kab.cimahi

pisan kahéngkérana, mugia kahareupna bisa jadi jalan pikeun ayana panalungtikan ngeunaan basa di Babakan Cirebon utamana dina UARTP.

Kecamatan Babakan Kabupatén Cirebon nyaéta salasihiji daérah anu asup ka wilayah Jawa Barat, wilayah tatar Sunda anu basa nu dipaké sapopoéna mah karéréanaana basa Cirebon. Panalungtik aya kareueus ku sabab najan ngagunakeun basa Cirebon, basa Sunda masih dipaké ku masarakatna, samalah dina data nu kapanggih, basa Sunda téh data basa nu pangréana di antara basa nu séjén.

Pikeun masarakat Kecamatan Babakan Kabupatén Cirebon dipiharep UARTP bisa tetep hirup dina hirup kumbuhna masarakat Babakan. UARTP mangrupa warisan budaya anu perlu dimumulé sangkan henteu lastari. Sarta dipiharep yén basa Sunda ogé tetep digunakeun di Babakan lian ti basa Cirebon jeung basa Sunda.